

MEN KÈK LÒT SIJESYON POU PASAJ KI KA MACHE BYEN (menm si nenpòt pasaj nan Bib la ka mache):

- Jenèz 2:4-17; Jenèz 2:18-25
- Nonb 27:1-12, Det 5: 7-9, 1 Sam 3: 19-21,
- Jòb 38 (senk oubyen sis vèsè chak seyans)
- Sòm 1 : Sòm 23
- Pwovèb 4:1-9, Pwovèb 19: 20-23
- Matye 5-6-7 (senk oubyen sis vèsè chak seyans)
- Lik 2:41-52
- Women 12:9-16, Efezyen 6:1-3



Si ou genyen kesyon oubyen pou w òganize yon fòmasyon nan metòd Refleksyon Bib la oubyen si ou ta vle jwenn plis bwochi, ou mèt kontakte moun sa yo:

Leyogàn

Abelard Xavier, Rasin Lespwa, 3656 - 0644 oubyen xabelard@yahoo.fr

Pòtoprens

Ulrick Denis, GALO, 3456-2537 oubyen ulrickafr@yahoo.fr

Emmanuel Blaise, 3771 - 6950 oubyen jeblaise@hotmail.com

Edvard Guilloteau, 3445-1744 oubyen gedvard@yahoo.fr / vardjie@gmail.com

Okap

Presandieu Paulaine, PWP, 3445-6257 oubyen ppaulaine@hotmail.com

Nellie Norestin, PWP, 3406-8343 oubyen nellienorestin@yahoo.fr

Okay

Fratzie Cyril, Programme d'Alphabétisation pour la Promotion de l'Enfance (PAPE), 3675-6027 oubyen frantziecy2@yahoo.fr

Lagonav

Abner Sauveur, Lekòl Kominotè Matènwa, 550-0773 oubyen

abnerjeansauveur@yahoo.fr

Enel Angervil, Lekòl Kominotè Matènwa, 513-0217 ,3939 - 3662oubyen

eneldieu@yahoo.fr

Jakmèl

Jude Appolon, Limyè Lavi, 375-91364 oubyen 288-9789 oubyen

judeappolon@yahoo.fr

Samson Joseph, Limyè Lavi, 3481-1209 oubyen samsonaviti@hotmail.com

Joseph Jn claude Belizaire, 3756-7986, oubyen joclab20002000@yahoo.fr

Gonayiv

Dorlys Uzède, 3471- 4649 oubyen oubyen uzdorlys@yahoo.fr

Lyankou

Ysmaille Dorsainvil, 37082304 oubyen ysmaille1@yahoo.fr

Jeremi

Marcelin Pierre ,3832 – 1743

Ozetazini

Kent Annan, Beyond Borders, kent@beyondborders.net

Pou enskri nan rezo nou an, voye yon imel pou Kent Annan nan :
kent@beyondborders.net. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt wiki a, adrès la

Refleksyon Bib La Pou Timoun

Yon metòd pou fè lekti, lapriyè, epi fòmasyon
espirityèl avèk timoun yo



“Aplike kè ou nan etidye ak mete pawòl Bondye an pratik,
epi nan anseye l ak lòt moun.” –Esdras 7:10

POUKISA NOU SÈVI AK METÒD REFLEKSYON BIB LA POU TIMOUN YO ?

Bondye pale ak nou nan Bib la. Nou menm pitit li, li fè nou konnen jan li renmen nou ak volonte li gen pou nou. Metòd sa a se yon fason pou ede timoun yo aprann tande Bondye epi pou yo grandi ansanm nan lavi espirityèl yo.

KILÈS MOUN KI KA FÈ LI ?

Nenpòt timoun ki gen ant 8 a 16 lane ! Men nou bezwen sèlman gen yon moun nan gwoup la ki kapab disponib pou li pasaj la epi anime seyans la.

KI KOTE METÒD LA SÒTI ?

Kretyen yo ap itilize metòd sa a nan anpil kote nan lemond antye depi plis pase mil senksan (1500) lane. Epi yo ap toujou itilize metòd la. Non orijinal li nan Latèn “lectio divina,” men nou rele l nan Kreyòl ayisyen, “Refleksyon Bib la.”

KONBYEN MOUN KI KA FÈ L ?

Sa mache pi byen si genyen ant kat (4) a nèf (9) timoun nan chak gwoup.

KONBYEN TAN SA KA PRAN ?

Nòmalmman chak seyans kapab pran ven (20) a karant (40) minit.

CHAK KI LÈ NOU KA FÈ L ?

Pratik sa a mache pi byen si li fèt regilyèman avèk menm gwoup timoun nan.

KI BÒ METÒD LA KAPAB ITILIZÈ ?

Metòd la kapab itilize nan legliz, nan sal klas, nan fanmi, nan gwoup.

KI KALITE PASAJ NAN BIB LA OU KA ITILIZÈ ?

Nenpòt pasaj nan Bib la ka mache. Nòmalmman yon pasaj ki tou kout, tankou kat (4) a dis (10) vèsè se pi bon paske ou ka li l plizyè fwa. Li kapab yon istwa osinon yon pasaj ki senp epi klè pou timoun kapab konprann.

Lik 8:4-8,11-15

Lè sa a, te gen yon gwo foul moun ki te sanble. Moun te sòti nan divès vil vin bò kote Jezi. Li pran rakonte yo parabòl sa a: -Yon nonm sòti pou l ale simen grenn nan jaden li. Pandan l t ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò chemen an: Pye pile yo, zwazo nan syèl vini, yo manje yo. Yon pati tonbe nan mitan wòch. Grenn yo leve. Men, yo cheche paske yo pat jwenn tè fre. Yon lòt pati tonbe nan mitan pye pikan. Pye pikan yo grandi ansanm ak bon ti plant yo, yo toufe yo. Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè. Plant yo leve, yo donnen: yo bay san (100) pou yonn. Lè l fin di sa, li di ankò: -Si nou gen zòrèy pou n tande, tande.

Disip li yo mande l kisa parabòl sa a vle di.[Jezi di:] -Men sa parabòl sa a vle di: Grenn yo ap simen an se pawòl Bondye. Gen moun ki sanble ak tè bò chemen kote grenn yo tonbe a. Yo tande, men Satan vini, li rache pawòl la nan kè yo pou yo pa kwè, pou yo pa sove. Gen lòt moun ki sanble ak tè ki gen anpil wòch la. Yo tande pawòl la, yo resevwa l ak kè kontan. Men yo pa kite l pouse rasin, yo pa kwè l pou lontan. Lè eprèv tonbe sou yo, yo vire do bay Bondye. Grenn ki tonbe nan mitan pikan yo, se moun ki tande pawòl la, men lè yo al fè wout yo, yo kite traka lavi, richès ak plezi ki nan lavi toufe l. Yo donnen men donn yo pa janm rive rèk. Grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun ki sensè, ki gen bon kè, ki tande pawòl la, yo kenbe l nan kè yo. Yo toujou rete fèm jouk yo donnen.

Mòso labib sa yo sòti nan Bib la Sosyete Biblik Ayisyen ap distribye nan peyi a.

Sòm 27:1-4

Seyè a se limyè mwen,
Se li ki delivrans mwen.
Ki moun ki ka fè m pè?
Se Seyè a k ap pwoteje m.
Ki moun ki ka fè m tranble?

Lè mechan yo ap mache sou mwen,
Lè lenmi m yo ap chache touye m,
Se yo menm k ap bite, se yo menm k ap tonbe.
Menm si tout yon lame ta sènen m toupatou,
Mwen p ap pè anyen.
Menm si yo ta vle fè m lagè,
m ap toujou gen konfyans nan Bondye.

Mwen mande Seyè a yon bagay,
Yon bagay mwen anvi anpil anpil:
Se pou m ta pase tout lavi m nan kay Seyè a,
Pou m gade
Bèl bagay li yo byen, pou m ka pran tan m
Pou m kalkile nan kay ki apa pou li a.




KÒMAN METÒD REFLEKSYON BIB LA MACHE POU TIMOUN ?

1. Li ta bon pou gwoup la ta genyen kat (4) a nèf (9) timoun.
2. Chwazi yon pasaj nan Bib la pou medite sou li.
3. Chita nan yon wonn. Sa ta bon pou moun k ap anime a raple gwoup la: “Nan metòd sa a se plis yon moman pou reflechi nan kè nou. Bi li se pa diskisyon.” (Animatè a ka chanje a chak seyans.) Animatè a dwe evite pou mo pa l pa parèt tankou premye osinon dènye mo.
4. Li enpòtan pou nou toujou kòmanse ak yon chan, men li kapab bon tou si nou kòmanse ak yon lapriyè, oswa yon ti moman silans. Epi apre sa a, animatè a li pasaj la pou premye fwa.
5. Moun k ap anime seyans la jou a di: “Aprè lekti sa a, kisa ou wè ou renmen nan tèks la, yon mo, yon fraz, yon konsèy ? ” Apre sa, li pasaj la yon dezyèm fwa, epi tout moun ap rete nan yon ti moman silans ki kapab dire anviwon yon minit.
6. Apre silans la, chak timoun di tou kout sa yo renmen nan tèks la san eksplikasyon oubyen diskisyon.

Kontinye li etap nimewo 7 sou paj 4 ➡

7. Lè tout timoun gentan fini di kisa yo renmen, moun k ap anime a di: “Koute pasaj la ankò. Epi gade ki konsèy ou kwè Bondye ap ba ou nan tèks la.” Li menm pasaj la yon twazyèm fwa. Tout timoun rete nan yon ti moman silans ki kapab dire anviwon yon minit.
8. Apre silans la, chak moun pataje konsèy yo kwè Bondye ba yo pèsònèlman, san diskisyon, san poze kesyon, ni bay repons. (Si yon timoun pa vle pataje, li ka rete an silans.)
9. Moun k ap anime an di: “Kounye a nou pral priye, pou nou reponn Bondye pou konsèy li te ban nou.” Epi li pasaj la yon katriyèm fwa, epi tout timoun ap rete nan yon ti moman silans pandan yon minit.
10. Apre silans la, animatè a ap envite timoun yo pou di Bondye mèsi pou yon bagay ki kapab itil yo nan lavi yo nan tèks la. Apre sa, l ap mande pou yo di youn apre lòt yon fraz lapriyè pou yon bagay yo bezwen nan lavi yo.
11. Kounye a animatè a ap fini seyans la ak yon chan oswa yon lapriyè.




1 Wa 3:5-13

Nan yon kote Gabawon, Seyè a te parèt nan yon sonj a Salomon pandan lannwit, Seyè a mande Salomon: Kisa ou vle m ba ou? Salomon reponn: Ou te byen trete gran papa m David paske li te mache dwat devan ou nan jistis, nan fè sa ki dwat. Ou gen rekonesans anvè li, ou fè mwen menm pitit li chita sou twonn li jodia.

Kounye a Seyè a ou fè m wa nan plas David papa m. Mwen se yon jenn gason. Mwen poko genyen eksperyans. Ou pèmèt sèvitè ou la ap dirije pèp ou te chwazi a. Pèp la anpil. Nou pa menm ka kont l. Sa m ap mande ou se banm sajès pou m ka mennen pèp la, pou m ka konnen lè yon bagay byen ak lè yon bagay mal. Sa Salomon te mande Seyè a te fè l plezi anpil.

Seyè a di: Dèske se sa ou mande m, ou pa mande m pou viv lontan, ou pa mande m anpil richès, ni lanmò pou enmi ou yo, ou senpman mande m sajès pou ou ka fè sa ki dwat, m ap fè sa ou mande m. M ap bay ou sajès ak intèlijans. M ap ba ou anpil byen. M ap fè ou jwenn anpil glwa. Pa genyen pèsonn ni avan ou ni apre ou pandan tout tan w ap viv ki ap menm jan avèk ou.



Pwovèb 10:1-11

Yon pitit ki gen bon konprann fè kè papa l kontan. Men yon pitit san konprann bay manman l lapenn. Byen ou rive fè nan move kondisyon p ap rapòte ou anyen. Men lè ou serye ou sove lavi ou.

Benediksyon Bondye ap chita sou yon nonm debyen. Pawòl yon moun mechan p ap jan m kite ou wè jan li mechan. Moun ki gen bon konprann koute konsèy yo ba li. Men, moun k ap pale tankou moun fou pa lwen mouri. Yon moun serye pa janm bezwen pè anyen. Men yo gen pou bare moun k ap fè vis. Moun k ap twenzi je yo sou moun, se moun k ap voye wòch kache men. Men moun ki pale kare anpeche kont. Pawòl ki sòti nan bouch moun k ap pale dwat yo bay lavi. Men pawòl yon mechan p ap janm kite ou wè jan l mechan.

Lik 1:26-33

Sou sizyèm mwa gwosès Elizabèt la, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil nan peyi Galile yo rele Nazarèt. Bondye te voye l lakay yon jenn fi ki te fiyans ak yon nonm yo rele Jozèf.

Jozèf sa a se te moun ras David. Yo te rele jenn fi a Mari. Zanj lan antre kay Mari, li di l: Bonjou, Mari, ou menm ki resevwa anpil favè. Mèt la avèk ou.

Lè Mari tande pawòl sa yo, tèt li te boulvèse, li t ap mande nan kè l kisa bonjou sa a te vle di. Men zanj la di li: Pa pè Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye. Ou pral vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l Jezi. L ap vin yon grannèg, y a rele l pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l tankou wa David, gran papa li. L a gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l lan p ap janm fini.



KONSÈY POU ANIMATÈ



1. Chita avèk timoun yo nan yon wonn.
2. Nan premye seyans la, li bon pou pran yon ti moman pou bay yon ti eksplikasyon sou metòd la ki sou paj 2-3-4.
3. Pandan eksperyans la, li toujou enteresan pou swiv tèks ki nan livrè a youn apre lòt.
3. Asire se pa pawòl ou ki dominan pandan eksperyans la. Animatè a ta dwe konsidere tèt li tankou yon patisipan menm jan ak timoun yo. Li pi bon pou animatè pa reponn kesyon timoun yo, sonje se plis yon moman pou medite sou pawòl Bondye.
4. Veye pou tout timoun patisipe epi pa genyen youn ki dominan sou lòt.
5. Pèmèt tout timoun santi yo alèz pou bay lide yo nan respè youn pou lòt.
6. Apati sizyèm (6e) seyans la, nou kapab kòmanse bay timoun yo anime seyans pou kont yo. Men nou bezwen fè sa ak timoun ki gentan gen katòz (14) lane konsa.
7. Toujou kòmanse alè epi fini seyans la alè.
8. Lè nou fini ak tèks ki anndan livrè a, nou kapab sèvi ak tèks referans ki sou do livrè a.

Eksperyans plizyè animatè montre kapab gen ti difikilte nan kòmansman eksperyans la, men l ap vin pi fasil apre plizyè seyans.

MEN KÈK PASAJ KI KA MACHE BYEN AVÈK REFLEKSYON BIB LA POU TIMOUN

Mak 10:13-16

Yo te mennen kèk timoun bay Jezi pou l te mete men sou tèt yo. Men disip yo t ap di moun yo pa fè sa. Lè Jezi wè sa, li pat kontan menm. Li di disip yo:

Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa anpeche yo vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo. Sa m ap di nou la a, se vre wi: Si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p ap janm ka mete pye l nan Peyi kote Bondye Wa a.

Après sa, Jezi pran timoun yo nan bra l, li mete men l sou tèt yo chak, li beni yo.

1 Jan 4:7-11

Timoun se devwa nou tankou moun ki kwè nan Seyè a. Pou n obeye manman nou ak papa nou, paske sa se yon bagay ki dwat devan Bondye. Respekte papa ou ak manman ou. Sa se premye kòmandman ki gen yon pwomès dèyè l: Pou nou ka viv lontan ak kè kontan sou late, kanta nou menm manman ak papa, pa aji ak timoun nou yon jan pou eksite yo. Men, ba yo yon levasyon, korige yo dapre prensip Seyè a.

Pwovèb 12:22-27

Seyè a pa vle wè moun k ap bay manti. Men li kontan nèt ak moun ki toujou kenbe pawòl yo. Moun lespri pa janm nan fè moun wè sa yo konnen. Men moun san konprann ap mache fè moun wè jan yo sòt. Travay di fè ou grannèg. Men parese fè ou rete ak moun. Moun ki mache dwat toujou montre zanmi l bon chemen. Men mechan an ap fè yo pèdi chemen yo.



1 Jan 4:7-12

Mezanmi se pou nou yonn renmen lòt paske renmen sòti nan Bondye. Moun ki gen renmen nan kè yo, se pitit Bondye yo ye. Yo konnen ki moun Bondye ye. Moun ki pa gen renmen nan kè yo, yo pa konn Bondye, paske Bondye se renmen menm. Men kijan Bondye fè nou wè jan li renmen nou. Li voye sèl pitit li a sou latè pou l te ka ban nou lavi. Men kisa renmen an ye:

Se pa nou menm ki te renmen Bondye, men se li menm pito ki te renmen nou, li te voye pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo gremesi pitit la. Mezanmi, si Bondye renmen nou konsa, nou menm tou se pou nou renmen yonn lòt. Pèsonn pa janm wè Bondye. Men si nou yonn renmen lòt, Bondye fè yonn ak nou. Konsa n a renmen tout bon jan Bondye renmen an.

Mak 4:35-41

Menm jou sa a, lè solèy fin kouche, Jezi di disip li yo: Ann janbe lòt bò lanmè a non. Se konsa disip yo te kite foul moun yo dèyè, yo pati ansanm ak Jezi nan kannòt kote li te chita a. Te gen lòt kannòt tou ki te ale avèk yo. Yon gwo van vin leve, lanm yo konmanse antre nan kannòt la. Yon sèl kou a, kannòt la t ap fin plen dlo. Jezi menm, lè sa a, te nan dèyè kannòt la. Li t ap dòmi, tèt li apiye sou yon ti zòrye. Disip li yo souke l, yo di konsa: Mèt, mèt, se mouri n ap mouri wi! Sa pa di ou anyen?

Jezi leve, li pale byen fò ak van an, li di: Pe la. Li di dlo a: Rete trankil. Latou, van an tonbe epi vin gen yon gwo kalmi. Après sa, li di yo: Men, poukisa nou pè konsa? Nou poko gen konfyans toujou?

Men disip yo te pè anpil anpil. Yonn t ap di lòt: Ki moun li ye menm pou menm van ak lanmè obeye li a?